**Pou Piblikasyon Imedya:** 11/01/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE AJANS ETA YO POU YO PREPARE PLISKE GWO VAN AK NÈJ EFÈ LAK KA KOZE KONDISYON TANKOU TANPÈT NÈJ WIKENN SA A

***Gouvènè a pibliye mesaj videyo bay Nouyòkè yo ak mizajou sou preparasyon pou tanpèt nan tout Eta a, li mande fè pridans anvan move tan ektrèm lan***

***Sistèm metewo ki gen gwo van, tanperati konjele ak nèj efè lak ta dwe lakòz blakawout epi kreye posiblite pou kondisyon ki kapab menase lavi apati samdi***

***Sistèm nan gen potansyèl tou pou kreye menas inondasyon toudenkou ak inondasyon kotyè nan Hudson Valley, Vil New York ak nan Long Island***

***Detay previzyon sou total nèj ak plasman band efè lak yo toujou pa klè***

***Gouvènè an deplwaye 100 manm Gad Nasyonal New York nan Lwès New York pou sipòte operasyon repons pou ijans yo***

***Yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare pou potansyèl blakawout, vwayaj danjere ak lòt konsekans move tan ivènal yo***

***Nouyòkè yo ka abòne pou alèt ijans yo isit la***

Gouvènè Kathy Hochul te mande ajans eta yo jodi a pou yo kòmanse preparasyon pou repons pou ijans paske nèj efè lak ak gwo van gen potansyèl pou yo kreye kondisyon danjere tankou tanpèt nèj bò rivaj Lak Erie ak Lak Ontario wikenn sa a. Gouvènè a te pibliye yon mesaj videyo tou pou Nouyòkè yo pou mete yo ajou sou dènye previzyon yo epi li te mande fè pridans pandan tanpèt la ap antre nan New York.

**VIDEO** evènman an disponib sou Youtube isit la ak nan kalite fòma Televizyon (h.264, mp4) isit la.

"Nouyòkè yo dwe vijilan: yon lòt tanpèt nèj ap pwoche, epi li gen potansyèl pou l gen yon enpak grav", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou ap deplwaye pèsonèl, ranje ekipman davans ak bay avètisman bonè pou asire repons nou an rapid ak efikas."

Apre yon lòt gwo sistèm tanpèt ki prevwa gen enpak sou anpil pati nan eta a ak nèj, lapli ak gwo van apati vandredi, yo prevwa tanperati yo desann byen vit anba nivo konjele pandan tout samdi, sa k ap kreye kondisyon ideyal pou nèj efè lak devlope. Pandan ke prediktè yo toujou ap travay pou detèmine kantite nèj total ak plasman egzak band efè lak yo, gen anpil chans pou gen rafal van nan 56 kilomèt alè rive nan 113 kilomèt alè pandan tan sa a k ap kreye yon potansyèl reyèl pou blakawout.

Konbinezon nèj efè lak, gwo van, ak tanperati lè w konjele kapab pwodui kondisyon ki kapab menase lavi nan zòn ki bò Lak Erie ak Lak Ontario. Nouyòkè yo ta dwe pran sistèm sa a oserye epi kòmanse fè preparasyon kounye a si pi move ka a ta rive.

Apati vandredi nan aswè, yon lòt sistèm tanpèt ki gen plizyè danje pral deplase pou vin nan eta a ak nèj, melanj ivènal, lapli, gwo van, tanperati frèt, van glasyal, ak nèj efè lak, ansanm ak potansyèl pou inondasyon kotyè ak bò lak yo. Nan zòn ki bò Gran Lak yo, presipitasyon pral kòmanse kòm gwo nèj ak posiblite pou tonbe nan yon vitès de pous pa èdtan oswa plis. Pandan ke pifò eta a pral wè rafal 56-72 kilomèt alè, rafal van jiska 113 kilomèt alè posib nan Lwès New York ak rafal nan 80-105 kilomèt alè posib nan zòn lès Lak Ontario, ki kreye yon potansyèl reyèl pou blakawout. Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service, NWS) la te deja emèt Avètisman kont Gwo Van pou zòn sa yo.

Tanperati yo pral kòmanse desann soti nan lwès ale nan lès atravè eta a nan samdi maten, sa ki kreye potansyèl pou van glasyal nan rejyon Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral, Southern Tier, Mohawk Valley ak North Country. Lè sa a, yo prevwa nèj efè lak ap devlope samdi apremidi epi kontinye pandan wikenn nan. Gow chit nèj posib nan band nèj efè lak ki pi lou yo, sepandan yo poko idantifye lye egzak band sa yo. Yo prevwa tanperati yo ap rive ant dizèn ak ba ventèn degre pou dire evènman efè lak la, pandan tanperati van frèt yo pral gen anpil chans rete nan yon sèl chif, ak kèk kote ki pi wo an altitid k ap desann anba zewo.

Lòt kote nan eta a, sistèm nan prevwa pwodui youn pou rive de pous lapli total nan Hudson Valley, Vil New York ak Long Island, ak raf van ki rive jiska 80 kilomèt alè vandredi swa pou rive samdi. Gen yon ti risk pou inondasyon rapid nan zòn sa yo pandan y ap prevwa inondasyon kotyè modere sou rivaj sid Vil New York ak rivaj sid ak ekstremite lès Long Island. Gen plis ewozyon nan plaj ki posib, espesyalman sou bò rivaj Orient Point lan.

Sèvis Meteyo Nasyonal la te deja bay yon pakèt alèt ak avètisman pou tanpèt sa a. Pou jwenn yon lis konplè alèt ak previzyon metewolojik, vizite sitwèb Sèvis Meteyo Nasyonal la nan https://alerts.weather.gov. Nou ankouraje Nouyòkè yo tou pou enskri pou alèt ijans lè yo abòne ak NY Alert nan https://alert.ny.gov, yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans ki enpòtan sou telefòn oswa òdinatè ou.

**Aktivite Ajans lan**

**Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services)**

Divizyon an ap siveye aktivman previzyon metewolojik la epi kowòdone repons Eta a ak evènman move tan an. Anplwaye Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) yo an kontak ak tokay lokal yo epi yo prepare pou fasilite demann pou asistans. Divizyon an ap prepare pou ouvri Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center, EOC) Eta a wikenn sa a si kondisyon yo mande, epi Divizyon an prepare pou deplwaye resous pou repons pou ijans ak pwovizyon abri ki soti nan rezèv Eta a.

**Divizyon Afè Militè ak Lamarin**

Divizyon Afè Militè ak Naval Eta New York la ap deplwaye 100 sòlda ak 25 veyikil ki soti nan Gad Nasyonal New York la pou rive nan Lwès New York pou ede ak aktivite repons jeneral yo, ak randevou medikal ijans yo ak operasyon rechèch ak sekou yo.

**Depatman Transpò Eta New York la**

Departman Transpò (Department of Transportation, DOT) a kontinye ap adrese inondasyon ak lòt pwoblèm ki soti nan tanpèt semèn sa a epi li ap prepare pou evènman metewolojik k ap vini sa a ak plis pase 3,720 sipèvizè ak operatè. Tout anplwaye sou teren yo disponib pou angaje konplètman epi entèvni. Yo ka konfigire anplwaye yo nan nenpòt ki kalite ekipaj repons ki nesesè (entèvansyon kont inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, vidaj egou, koup ak lans, siyal sikilasyon, elatriye). Ekip yo ap tcheke ak netwaye estrikti drenaj yo pou asire yo pa gen glas ak lòt debri. Tout rezidans nan kote ki afekte yo pral gen anplwaye pou yo ka fonksyone 24/24, 7/7 ak operatè, sipèvizè, ak mekanisyen pandan tout tan evènman an ak operasyon netwayaj priyoritè yo.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,607 gwo kamyon chasnèj
- 148 chasnèj mwayen
- 52 remòk chasnèj
- 37 aparèy pou soufle nèj
- 342 gwo chajè
- 82 ekskavatris sou ray ak sou kawotchou
- 84 dechiktèz
- 20 aparèy pou fè nivèlman
- 11 kamyon aspiratè ak jè egou
- 13 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Pou ou jwenn enfòmasyon sou kondisyon vwayaj an tan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oswa vizite https://www.511ny.org oswa sit mobil la nan m.511ny.org, sous enfòmasyon sou kondisyon vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la.

**Otorite Thruway**

Anplwaye Otorite Thruway yo ap siveye previzyon metewo yo deprè epi yo pare pou entèvni avèk 703 sipèvizè ak operatè ki disponib. Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 359 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 10 remòk chasnèj
- 64 gwo chajè
- Plis pase 118,000 tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl TRANSalert epi swiv @ThruwayTraffic sou X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

**Depatman Sèvis Piblik nan Eta New York**
Konpayi sèvis piblik yo reglemante pa Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) kounye a gen apeprè 9,400 travayè ki angaje nan efò reparasyon ak restorasyon kòm konsekans enpak tanpèt madi a. An menm tan, sèvis piblik yo te kòmanse preparasyon pou dènye evènman tanpèt wikenn sa a epi yo pral kenbe anpil nan travayè kontratyèl ki nan Eta a kounye a pou ede ak nenpòt ki travay reparasyon ak restorasyon ki nesesè. Pèsonèl DPS la pral swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire konpayi sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo. Si yo sispann sèvis ou a, vizite sit entènèt Entèripsyon Sèvis Piblik DPS la pou jwenn konsèy.

**Lapolis Eta New York**
Lapolis Eta a ap siveye kondisyon metewolojik yo epi prepare pou deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesesè. Tout machin katpakat ak veyikil espesyalize Lapolis Eta a yo, ki gen ladan motonèj ak veyikil itilitè tout tèren yo, anplas ak prè pou entèvansyon imedyat, epi yo te teste tout ekipman pou kouran ak kominikasyon ijans yo.

**Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la**
Anplwaye Jesyon Ijans DEC, Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal, Gad Forè yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye sitiyasyon ki ap devlope a ak previzyon metewo yo. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt entèvansyon ijans.

Avèk tanperati ki pi cho ke yo prevwa jiska samdi, DEC raple nenpòt moun ki renmen soti deyò pou yo sonje kondisyon yo lè y ap randone epi pou yo pran prekosyon lè y

ap aventire sou glas. Toujou tcheke epesè glas la anvan ou vwayaje atravè li. Yon minimòm twa a kat pous glas solid se règ jeneral pou sekirite.

**Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) nan Eta New York**
Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv deprè kondisyon metewolojik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèvansyon nan ka tanpèt. Vizitè pak yo dwe tcheke https://parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

**Otorite Transpò Metwopoliten**
Ofisyèl yo ap kontwole kondisyon yo epi yo pral pizisyone pèsonèl ak ekipman davans yon fason estratejik pou kapab reponn ak kondisyon metewolojik yo jan sa nesesè. Ekip Transpò Piblik Vil New York (New York City Transit), Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LILR) ak Metro-North Railroad pral gen ekipman ki pare pou kapab reponn byen vit jan kondisyon yo mande – tronsonez pou netwaye pyebwa ki tonbe, ponp si ta gen inondasyon, epi yo ka idantifye kote ak disponiblite materyèl pou ranplase poto sèvis piblik ki domaje ak pòtay pou travèse yo. Yo pral pozisyone lokomotiv dyezèl davans tou pou minimize nenpòt enpak potansyèl sèvis yo. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sèvis atravè rezo transpò MTA a, tcheke sitwèb MTA a ak plizyè aplikasyon nou yo – MyMTA ak Train Time – anplis, chèn rezo sosyal nou yo.

**Otorite Pòtyè**
Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo nan tout etablisman li yo. Nan ka ta gen kondisyon metewolojik grav, ajans lan ap bay alèt vwayaj regilye ak mizajou jan sa nesesè. Pou dènye enfòmasyon yo sou enstalasyon Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou Alèt PA yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo, ki enkli RidePATH ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

**Lòt konsèy sekirite**

**Meteyo nan sezon ivè**

- Sèvis ekipman pou retire nèj. Sèvi ak sèl wòch pou fonn glas sou pasaj pyeton yo, ak sab pou jenere traksyon.
- Mete kay ou nan kondisyon pou fè fas ak ivè a epi fè enspekte sous chofaj yo chak ane.
- Si w itilize lwil chofaj, kenbe yon rezèv adekwat.
- Genyen ekipman chofaj pou ijans ki an sekirite ki disponib epi sèvi ak enstriksyon fabrikan yo.
- Enstale epi tcheke alam lafimen yo.
- Pwoteje tiyo dlo yo pou yo konjele.

**Vwayaje nan tan ivè**
Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Pa kondui, sof si sa nesesè.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòme sekouris yo sou kote ou ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekrè kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.
- Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.
- Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li. Pa janm eseye pase sou yon chasnèj pandan l ap fonksyone.

**Blakawout yo**

Planifikasyon

- Si ou itilize medikaman ki mande pou ou mete yo nan fijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè ou oswa famasyen w lan.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, sa pral ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.
- Planifye pou gen yon lòt sous pou kwit manje, tankou yon recho kan oswa gri deyò. Swiv règ sekirite apwopriye pou itilize li andeyò rezidans lan.
- Ansidere achte yon jeneratris epi swiv règ pou itilize li deyò rezidans lan. Anvan ou enstale yon dèlko, asire ou ke ou byen dekonekte de sèvis elektrik konpayi sèvis piblik ou an. Si li posib, fè yon elektrisyen ki kalifye enstale dèlko a pou ou.
- Gen dra manto, chapo, ak gan anplis ki disponib pou kenbe ou cho.
- Si w gen yon òdinatè, sovgade dosye ak sistèm eksplwatasyon yo regilyèman. Etenn tout òdinatè, monitè, ak lòt aparèy yo lè yo pa itilize yo.

- Si w gen yon ouvrez pòt garaj elektrik, lokalize nivo vewouyaj manyèl la, epi aprann kijan pou w opere.
- Si w gen yon enstriman telefòn oswa yon sistèm ki bezwen elektrisite pou fonksyone, planifye yon lòt kominikasyon tankou yon appary telefòn estanda, telefòn selilè, oswa radyo.

**Kisa pou w fè si gen Blakawout**

- Fèmen oswa dekonekte gwo aparèy ansanm ak lòt ekipman yo, sa vle di, òdinatè yo, nan ka yon sichaj elektrik momantane ki kapab andomaje aparèy sa yo. Kite yon limyè limen pou ou konnen lè kouran retounen. Konsidere itilize pwotektè kont wot tansyon tout kote ou itilize ekipman elektwonik.
- Rele konpayi itilite ou la pou ou fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Tcheke konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.
- Tcheke pou wè si vwazen yo ak moun ki gen aksè oswa bezwen fonksyonèl gen kouran.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat (4) èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Rete ocho lè ou mete plizyè kouch rad epi minimize tan ou pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredi lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si ou vin gen sentòm sa yo.
- Fermen chanm ou pa bezwen.

**Pou rapòte yon blakawout, rele:**

- Central Hudson: 800-527-2714
- Con Edison: 800-752-6633
- National Grid: 800-867-5222
- NYSEG: 800-572-1131
- O&R: 877-434-4100
- PSEG-LI: 800-490-0075
- RG&E: 800-743-1701

**Sekirite pou Chofaj**

- Sèvi ak sous chalè altènatif ki an sekirite sèlman tankou yon chemine, ti recho a bwa oswa a chabon ki byen ayere oswa aparèy chofaj pòtab.
- Lè w ap itilize sous chalè altènatif tankou yon chemine, recho a bwa, elatriye, toujou asire w ke ou gen bon vantilasyon. Toujou Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
- Kenbe rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon yo lwen sifas cho.

- Gen yon ekstenktè ak detektè lafimen epi asire w yo fonksyone.
- Si w itilize aparèy chofaj ki mache ak kewozèn pou konplete gaz chofaj regilye w la, oswa kòm yon sous chalè ijans, swiv konsèy sekirite sa yo:
  -Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
  -Sèvi ak gaz ki kòrèk la sèlman pou inite w la.
  -Remete konbistib deyò sèlman epi lè inite a frèt sèlman.
  -Kenbe aparèy chofaj nan yon distans omwen twa pye ak mèb yo lòt eleman konbistib yo.
  -Lè w ap itilize aparèy chofaj la, sèvi ak pwoteksyon kont dife epi vantile byen.

Pou plis konsèy sekirite sou Ivè a, vizite https://dhses.ny.gov/safety. Pou tout bezwen sèvis ki pa ijans anvan, pandan oswa apre yon tanpèt nan Eta New York, rele 211 oswa vizite 211nys.org.

**Inondasyon**
Planifikasyon

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Kenbe machin ou ak gaz oswa chaj. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Chache konnen konbyen pye pwopriyete w la mezire anlè ak anba nivo inondasyon posib yo. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamen pou rezistans nan dlo nan sitiyasyon ijans.

Sekirite Vwayaj

- Inondasyon ak van ki lakòz domaj ka rann deplasman danjere.
- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde - pase nan yon lòt wout, Sonje: "Retounen, Pa Nwaye."
  -Sis pous dlo k ap deplase rapidman ka fè w pèdi kontwòl veyikil ou oswa fè w tonbe si w ap mache.
    -Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.
    -Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou nan machin ou, abandone machin lan imedyatman.
    -Si dlo a ap monte anndan veyikil la, chèche refij sou do li. Pa kondui konte ki gen baryè sou wout yo.

**Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv @NYSDHSES sou Facebook, Instagram, ak X (ke yo te rele Twitter) oswa vizite dhses.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU